

## BAB I BUBUKA

### 1.1. Kasang Tukang Panalungtikan

Sastra barudak dina basa Sunda katitih langka jeung hésé ditéanganana. Buku-buku bacaan wajib di sakola gé henteu aya, teu kawas jaman baheula ayana buku bacaan wajib pikeun murid-murid di sakola. Kayaning buku *Roesdi djeung Misnem* minangka buku bacaan wajib di sakola Sunda dina jaman saméméh nagara merdika.

Sastra barudak nyaéta karya sastra anu diciptakeun pikeun barudak, ditulis ku jalma déwasa. Sastra barudak biasana disebut carita barudak atawa bacaan barudak. Eusi jeung basana disaluyukeun jeung pribadi barudak anu macana. Carita budak kudu saluyu jeung kaayaan budak, boh tina palaku-palakuna boh tina eusi caritana (Sarumpaet, 2017, kc. 2). Tapi teu nutup kamungkinan lamun sastra barudak dibaca ku jalma sawawa ku sabab katarik ku eusi caritana.

Carita barudak bisa dijadikeun média atikan, hiburan jeung alat tranformasi budaya. Aya anu baheulana jadi tradisi tapi ayeuna geus henteu jadi kabiasaan di masarakat, nyaéta kabiasaan maca. Dina mangsa prakamerdikaan, para murid sakola di Tatar Sunda diwajibkeun maca buku-buku anu dibagikeun ku guru. Carita *Roesdi djeung Misnem* kungsi kasohor dina mangsa prakamerdikaan, nepi ka jadi katineung ku nu kungsi ngalaman maca éta buku dina mangsa sakolana. Ieu buku mangrupa carita wajib di Sakola Rakyat Sunda (SR) dina taun 1920-an.

Rosidi (1966, kc 42) ngébréhkeun yén jaman baheula di sakola ra'yat, bacaan barudak anu pangalusna nyaéta buku *Roesdi djeung Misnem*. Rosidi ngabandingkeun jeung buku carita budak séjénna anu aya dina mangsa harita saperti *Gandasari*, *Sumber Arum*, *Panggelar Budi*, jeung nu séjénna, buku *Roesdi djeung Misnem* tetep pangalusna. Palaku anu digambarkeun dina ieu carita nyaéta Rusdi, hiji budak lamun ka sakola mawa dahareun dina sakuna, pinter, loba tatanya, malah tingkah paripolahna pikasebeleun. Katingali yén éta hal béda pisan jeung carita dina *Sumber Arum* atawa *Gandasari*. Pangarang dina carita *Sumber Arum* jeung *Gandasari* katingali pisan hayang ngadidik budak supaya budak téh

bageur, nurut ka kolot, getol diajar, sagala rupana kudu saluyu jeung kahayang pangarang. Bédana jeung pangarang *Roesdi djeung Misnem*, caritana lain keur ngadidik, tapi ngagambarkeun kahirupan sapopoé barudak Sunda dina mangsa harita.

Buku *Roesdi djeung Misnem* citakan kahiji pamedalna s'Gravenhage. Citakan kadua pamedalna Rijswijk (Z.H.). Dina jilid tiap buku henteu aya taun dipedalkeunana. Sedengkeun taun terbit citakan kahiji lamun ditingali dina katalog Perpustakaan Nasional nyaéta taun 1913. Bahan objék kajian dina ieu panalungtikan ngagunakeun citakan kadua jeung éjahanna geus disaluyukeun jeung éjahan ayeuna.

Dina jilid buku disebutkeun pangarangna nyaéta A.C. Deenik jeung Raden Jayadireja (Djajadiredja). Lamun ditingali anu dicaritakeunana nyaéta kahirupan barudak Sunda, kamungkinanana A.C. Deenik ukur disebut pangarang wungkul, sedengkeun pangarang anu sabenerna nyaéta Radén Jayadireja. Atawa henteu mustahil lamun A.C. Deenik ngan méré pola atawa gurat badagna wungkul, sedengkeun prosés nulisna dilaksanakeun sakabéhna ku Radén Jayadireja (Rosidi spk., 2000, kc 556).

Ieu buku kabagi kana opat jilid. Jilid kahiji nepi ka jilid kaopat galur caritana nyambung. Tina tiap jilid kabagi-bagi dina subjudul anu nyagak ranggak. Ieu buku dilengkepan ku gambar ilustrasi karya W.K. de Bruin.

Palaku utama dina ieu carita nyaéta adi lanceuk anu ngaranna Rusdi jeung Misnem. Éta dua budak boga lanceuk ngaranna Ramlan. Ramlan mah henteu cicing di lembur babarengan jeung Rusdi jeung Misnem tapi cicing jeung pamanna di Bandung. Palaku utama nyaéta Rusdi, budak lalaki nu umurna tujuh taun, dicaritakeun salaku budak nu pinter, daharna gembul, resep pisan ulin. Misnem dicaritakeun salaku budak awéwé nu umurna lima taun. Kabiasaanana sarua jeung Rusdi, resep ulin jeung beuki barangdahar. Kahirupan sapopoéna raket pisan jeung alam.

Ieu carita alus pisan lamun ditalungtik, ku sabab aya unsur bahan kajian di jerona; diantaranya panungtun kana kahirupan nu alus, eusina ogé dicokot tina sababaraha kajadian, élmu tatanén, élmu sato, jeung élmu bumi. Nepi ka ayeuna masih aya kolot anu nganggap yén ieu buku salasahiji padoman dina cara ngatik

budak, nepi ka aya istilah “euweuh dina buku Rusdina” lamun dianggap henteu saluyu atawa aya kalakuan anu teu sapagodis. Nu matak teu anéh lamun ieu buku jadi katineung kolot jaman baheula.

Panalungtikan kana carita budak kawilang penting pikeun maluruh rélevansi jeung kanyataan anu hirup di masarakat. Pamarekan struktural jeung ajén étnopedagogik mangrupa salah sahiji cara pikeun mikanyaho eusi carita budak. Ajén étnopédagogik mangrupa salahsahiji cara anu bisa dijadikeun patokan-patokan dina kahirupan.

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan téh ngaguar ngeunaan struktur dina buku carita *Roesdi djeung Misnem* (satuluyna digunakeun *Rusdi jeung Misnem*). Salian ti éta, dipaluruh ajén-inajén atikan disawang tina pamarekan étnopédagogik dina buku *Rusdi jeung Misnem*. Salian ti éta, dipaluruh ogé dongéng-dongéng anu aya dina buku *Rusdi jeung Misnem* pikeun dijadikeun bahan pangajaran dongéng di SMA kelas X.

Panalungtikan saméméhna anu objék panalungtikanana ngaguar buku *Rusdi jeung Misnem* di antarana baé ieu di handap.

Puspita Widyamulya (2007) dina panalungtikanana anu dijudulan *Konsep Gender dalam Bacaan Anak Roesdi djeung Misnem karya A.C. Deenik dan R. Djajadiredja*, medar konsep génder palaku utama anu ngabédakeun stéréotipe jeung kateuadilan génder antara tokoh Rusdi jeung tokoh Misnem.

Wawan Setiawan (2008) dina panalungtikanana anu dijudulan *Aspék Ikonografis dari Ilustrasi Karya W.K. de Bruin dalam Buku Roesdi djeung Misnem*, medar aspék ikonografis ngaliwatan pamarekan budaya citraan visual tina gambar-gambar ilustrasi jeung ngaguar motif gambar tur ngagali ma'na gambar anu aya dina buku *Rusdi jeung Misnem*.

## 1.2. Rumusan Masalah

Anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha ringkesan carita tina buku carita *Rusdi jeung Misnem*?
- 2) Kumaha struktur carita (téma, fakta, jeung sarana sastra) dina buku carita *Rusdi jeung Misnem*?

- 3) Ajén-inajén étnopedagogik naon waé anu nyangkaruk dina buku carita *Rusdi jeung Misnem*?
- 4) Naha dongéng-dongéng dina buku carita *Rusdi jeung Misnem* bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran dongéng di SMA kelas X?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan panalungtikan, udaganana nyaéta sangkan henteu méngpar tina rarancang panalungtikan nu geus ditangtukeun, ku kituna ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung husus. Anapon pedaranana bisa katitén ieu di handap.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun karya sastra, hususna carita barudak *Rusdi jeung Misnem* karya A.C. Deenik jeung R. Djajadiredja ngaliwatan ulikan tiori struktural, étnopédagogik jeung bahan pangajaran maca dongéng di SMA kelas X. Salaku kabeungharan karya sastra, carita barudak *Rusdi jeung Misnem* karya A.C. Deenik jeung R. Djajadiredja mangrupa hasil kréativitas pangarang anu kudu diteleban maksud jeung eusina. Ku kituna penting pikeun neleban jeung neuleuman hasil karya pangarang pikeun pangaweruh masarakat, boh masarakat umum, boh masarakat akademis.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan ieu panalungtikan, nyaéta pikeun ngadéskripsikeun

- 1) ringkesan carita tina buku carita *Rusdi jeung Misnem*;
- 2) struktur carita (téma, fakta, jeung sarana sastra) dina buku carita *Rusdi jeung Misnem*;
- 3) ajén-inajén étnopédagogik anu nyangkaruk dina buku carita *Rusdi jeung Misnem*; jeung
- 4) dongéng-dongéng anu aya dina buku carita *Rusdi jeung Misnem* dijadikeun bahan pangajaran dongéng di SMA kelas X.

## 1.4 Manfaat Panalungtikan

### 1.4.1 Manfaat Tioritis

Manfaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta nambahan pangaweruh ngeunaan paélmuan dina widang sastra barudak jeung méré informasi ngeunaan struktur carita (téma, fakta, jeung sarana sastra), ajén-inajén étnopédagogik jeung dongéng-dongéng anu aya dina buku *Rusdi jeung Misnem* karya A.C. Deenik jeung R. Djajadiredja, pikeun bahan pangajaran dongéng di SMA kelas X.

### 1.4.2 Manfaat Praktis

Ieu panalungtikan miboga manfaat praktis anu bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh dina pangajaran nyarita, di antarana :

1) Pikeun Guru

Hasil ieu panalungtikan bisa dijadikeun répérénsi dina rencana pangajaran sastra, hususna dina analisis struktur, ajén-inajén étnopedagogik, jeung bahan pangajaran dongéng di SMA kelas X.

2) Pikeun Siswa

Pikeun ngalaman nganalisis struktur jeung ajén atikan dina karya sastra.

3) Pikeun Masarakat

Hasil panalungtikan bisa jadi dokumén sarta sumber rujukan pikeun panalungtik satuluyna.

4) Pikeun Panalungtik

Pikeun nambahan pangaweruh jeung pangalaman nalungtik karya sastra barudak, utamana ngaguar struktur, ajén-inajén étnopédagogik, jeung dongéng-dongéng nu aya dina buku *Rusdi jeung Misnem* dijadikeun bahan pangajaran dongéng di SMA kelas X.

## 1.5. Raraga Tulisan

Hasil ieu panalungtikan bakal disusun dina wangun tésis anu ngawengku lima bab.

## BAB I BUBUKA

Dina ieu bab eusina medar kasang tukang panalungtikan, rumusan pasualan, tujuan umum jeung husus panalungtikan, mangpaat anu hayang dihontal ku ayana ieu panalungtikan, boh sacara tinulis boh sacara praktis, jeung raraga nulis anu jadi dasar struktur panulisan dina ieu panalungtikan.

## BAB II ULIKAN PUSTAKA

Dina ieu bab eusina medar sajumlahing téori jeung konsép anu bakal dipaké pikeun medar jeung mesék analisis carita barudak *Rusdi jeung Misnem* karya A.C. Deenik jeung R. Djajadiredja. Éta konsép téh sumberna tina buku jeung bacaan séjén anu luyu jeung rumusan pasualan dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar naon ari sastra barudak, struktur carita barudak, naon anu dimaksud étnopédagogik jeung atikan karakter sakumna pamanggih para ahli dina éta widang pikeun medar data panalungtikan, tiori-tiori anu aya patalina jeung dongéng nu dijadikeun bahan pangajaran.

## BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab eusina medar métode panalungtikan, desain panalungtikan, sangkan kagambar jalur panalungtikan anu baris dilaksanakeun, data jeung sumber data dina ieu panalungtikan, cara ngumpulkeun data anu ngawengku instrumén panalungtikan, jeung analisis data sarta kumaha prosedur atawa léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan.

## BAB IV HASIL PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab eusina medar hasil panalungtikan, anu dipatalikeun jeung rumusan pasualan, ogé kajian pustaka di bab II. Kalayan jéntré bakal dipedar data naon waé jeung didadarkeun ogé data anu kapanggih dina ulikan struktur carita (téma, fakta, jeung sarana sastra), ajén-inajén étnopédagogik, jeung dongéng-dongéng nu aya dina buku carita *Rusdi jeung Misnem* dijadikeun alternatif bahan ajar dongéng di SMA kelas X.

## BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dina ieu bab eusina medar hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun sarta ditepikeun ogé sawatara saran patali jeung hasil panalungtikan, pangpangna ngeunaan rékoméndasi naon baé anu kudu dilaksanakeun kahareupna saréngséna

dilaksanakeun panalungtikan. Kakurangan panalungtikan ditepikeun sangkan bisa jadi rujukan dina panalungtikan anu dilaksanakeun ka hareupna.